

SS.7.C.1.1

Rekonèt jan lide Syèk Limyè a enkli opinyon Montesquieu nan separasyon pouvwa ak teyori John Locke ki gen rapò ak lwa natirèl ak ki jan kontra sosyal Locke a te enfliyanse Zansèt Fondatè nou yo.

SS.7.C.1.1 Klarifikasyon Nosyon Fondamantal 2: Elèv yo ap egzaminen kouman lide Syèk Limyè a enfliyanse kwayans fondatè yo sou libète endividyèl ak gouvènman an.

Etazini te grandi vin nan 13 koloni soti nan koloni Anglè nan Amerik di Nò. Wa Angletè a ak Palman an (lejislati Angletè a) te gouvène koloni yo. Anpil kolon ameriken te vin fache ke wa a te refize koute pwoblèm yo. Yo te fache tou deske Palman an pat enkli kolon yo nan desizyon sou koloni yo. Kolon yo te kwè ke wa a ak Palman an te vyole **libète endividyèl** yo. Sa vle di ke yo pat pwoteje kapasite kolon yo pou viv kòm moun ki lib ak endepandan.

Gen kèk kolon ki te deside pou pale sou separe ak gouvènman Anglè a. Yo te vle kreye pwòp gouvènman pa yo. Repezantan ki soti nan chak nan 13 koloni yo te rankontre epi yo te ekri yon dokiman ki montre rezon pou separasyon an.

Repezantan sa yo kounyè a rekonèt kòm Zansèt nou yo, oswa Fondatè nou yo. Anpil nan opinyon Fondatè yo sou bi gouvènman an te enkli lide **Syèk Limyè** a tankou **separasyon pouvwa yo, lalwa natirèl, ak kontra sosyal.**

dwa natirèl - kwayans ke chak moun te fèt ak dwa fondamantal yo ke gouvènman an paka wete.

Kontra sosyal - yon akò enplisit nan mitan pèp la de yon sosyete ki òganize ki defini dwa yo, devwa yo, ak limit pou moun kap gouvène a ak gouvènman an

lalwa natirèl - lwa ke gouvènman an te pase pou pwoteje dwa natirèl

separasyon pouvwa - estrikti gouvènman federal la, dapre Konstitisyon Etazini an, ki mete ansanm twa branch avèk pwòp pouvwa distenk ak responsablite yo

Syèk Limyè - yon peryòd nan istwa Ewopeyen lè anpil moun ki edike te ensiste sou enpòtans pou aprann ak rezònman; edikasyon te konsidere kòm kle pou konpreyansyon ak rezoud pwoblèm sosyete a